nationalgrid

Nou la pou ede w avanse avèk konfyans.

Si w bezwen plis èd,
nou gen Pwogram Asistans pou Pèman ak konsèy pou gide w.



Eskane kòd QR la avèk kamera telefòn mobil ou pou wè bwochi sa a nan diferan lang —
ngrid.com/grants

Nou la pou ede w.

Nou konprann jere bòdwo enèji ou a pa toujou fasil, sitou kounye a. Si w bezwen plis sipò, nou gen Pwogram Asistans pou Pèman ki ka ede w—menm si ou pa t janm kalifye anvan.

Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay

Pwogram sa a, finanse pa gouvènman federal la, ede kay ki kalifyeselon revni yo peye bòdwo sèvis piblik yo. Kalifikasyon an baze sou kantite moun nan kay la ak revni anyèl kay la. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite **mass.gov/heatinghelp** oswa rele Liy Èd pou Chofaj Massachusetts la gratis nan **1-800-632-8175**.

Pwogram Tarif Rabè pou Moun ki Kalifye selon Revni

Kliyan ki ranpli kondisyon yo ka kalifye pou yon rabè sou sèvis elektrisite ak/oswa gaz yo, selon revni ak kantite moun nan kay la, oswa si kliyan an, oswa yon manm nan kay la enskri nan yon pwogram asistans ki kalifye, tankou HEAP. Yo defini revni kay la kòm revni brit tout manm nan kay la mete ansanm.

- Ale sou **ngrid.com/discountrate** pou aprann plis.
- Aplike sou entènèt nan **ngrid.com/discountrateapp**.

Tarif rabè pou kliyan ki kalifye daprè revni yo

Nivo	Nivo Revni	Tarif rabè pou elektrisite	Tarif rabè pou chofaj ak gaz	To rabè pou gaz ki pa sèvi pou chofaj
1	0-100% nan nivo povrete federal (FPL)	91%	87%	90%
2	100-125% FPL	69%	56%	65%
3	125-150% FPL	62%	46%	57%
4	125-150% FPL	56%	36%	49%
5	175-200% FPL	49%	26%	42%
6	200% FPL-60% SMI	32%*	25%*	25%*

***Enfòmasyon enpòtan pou kliyan ki nan Nivo 6:** Kliyan ki nan Nivo 6 ap resevwa yon rabè 32% sou elektrisite ak yon rabè 25% sou gaz jiska 30 avril 2027. Apati 1ye me 2027, rabè sou elektrisite a pral 29%, rabè sou gaz ki pa sèvi pou chofaj la pral 20%, epi rabè sou gaz pou chofaj la pral 20%.
Apati 1ye novanm 2027, rabè sou gaz pou chofaj la ap 15%.

FPL = Nivo Povrete Federal
SMI = Revni Medyan Eta a



Plan Bidjè

Kliyan ki ajou nan peman bòdwo enèji yo ka enskri pou divize depans enèji anyèl yo an 12 peman mansyèl previzib, sa ki elimine varyasyon nan depans yo ant mwa yo.

- Pou enskri, vizite **ngrid.com/billhelp** oswa rele **1-800-322-3223** (elektrisite) oswa **1-800-233-5325** (gaz).

Pwogram Jesyon Dèt Anreta (AMP)

Kliyan ki kalifye yo ki gen yon balans ki anreta, oswa pèmàn anreta, ka diminye kantite lajan yo dwe a epi kontinye fè pèman aktyèl yo alè atravè AMP.

Kliyan ki enskri nan yon tarif rabè ki baze sou revni epi ki gen yon balans omwen $200 ki poko peye depi plis pase 60 jou ka kalifye.

- Pou aprann plis, vizite**ngrid.com/moretime** oswa rele **1-866-580-7617**.

Akò Pèman

Pèmèt kliyan ki gen yon balans ki poko peye enskri nan yon plan pèman chak mwa ki fasil pou jere, avèk yon premye pèman davans.

- Pou enskri, vizite **ngrid.com/moretime** oswa rele **1-888-211-1313**.

Pwoteksyon Espesyal

Gen lòt pwoteksyon ki ka disponib pou kliyan k ap fè fas ak difikilte finansye, tankou fanmi ki gen tibebe, moun aje, moun ki itilize ekipman medikal ki nesesè pou kenbe yo vivan, oswa moun ki gen yon maladi grav.

- Vizite **ngrid.com/ma-specialprotections** oswa rele **1-888-211-1313**.

Asistans pou lojman pou fanmi ki nan Tranzisyon (RAFT)

Bay asistans finansye a kout tèm pou fanmi ki gen revniki kalifye, ki riske vin san kay epi ki anreta nan pèman lwaye, ipotèk oswa bòdwo sèvis piblik. RAFT ede fanmi ki oblije demenaje tou, men ki pa gen ase lajan pou peye yon depo garanti, depans pou aktive sèvis piblik yo, oswa lwaye pou premye ak dènye mwa yo.

- Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite **https://www.mass.gov/kijan-pou/aplike-pou-RAFT-èd-ijans-pou-depans-pou-lojman** oswa rele **211**



Massachusetts Good Neighbor Energy Fund

Disponib pou nenpòt rezidan Massachusetts ki, akòz yon difikilte finansye tanporè, pa kapab peye depans enèji pou yon mwa epi ki pa kalifye pou asistans enèji leta oswa gouvènman federal la bay. Revni fanmi an dwe ant 60 ak 80 pousan revni medyàn eta a.

- Pou plis enfòmasyon, vizite: **www.magoodneighbor.org** oswa rele **1-800-334-3047** (ki sèvi kòd zòn **508**, **617**, **781**, ak **978**) oswa **1-800-262-1320** (ki sèvi kòd zòn **413**).



Defansè Konsomatè nou yo ka ede

Jwenn èd pèsonèl pou jwenn asistans ki disponib. Pale ak yon Defansè Konsomatè National Gridpou aprann sou resous pou jere bòdwo enèji ou.

- Vizite **ngrid.com/consumeradvocates** oswa rele **1-800-322-3223** (elektrisite) oswa **1-800-233-5325** (gaz).
- Jwenn sipò an pèsòn nan youn nan Evènman Asistans pou kliyan nou yo. Gade kalandriye evènman k ap vini yo **ngrid.com/maevent**.

Pou plis enfòmasyon sou tout pwogram ak sèvis nou yo pou ede w peye bòdwo w, vizite ngrid.com/hereforyou oswa eskane kòd QR la avèk kamera telefòn mobil ou.

Enfòmasyon enpòtan sou moun pou kontakte

Sèvis Kliyantèl
Kouran: 1-800-322-3223
Gaz: 1-800-233-5325

Kliyan ki gen pwoblèm pou tande oswa ki gen difikilte pou pale kliyan: 711

Ijans pou gaz 911 oswa 1-800-233-5325

Vizite Kont mwen
Gade epi peye bòdwo w la, chanje preferans kont ou ak plis ankò!

ngrid.com/myaccount

Opsyon pou Faktirasyon ak Pèman
Èske w ta renmen resevwa fakti yo an fòma elektwonik? Aprann plis sou opsyon pèman yo.

ngrid.com/mabillpay
1-800-322-3223

Konprann Fakti Ou a
Aprann plis sou eleman ki fòme bòdwo ou.

ngrid.com/maaboutbill
1-800-322-3223

Pann kouran
Rapòte yon pann kouran bay National Grid.

ngrid.com/reportoutage
1-800-465-1212

Konsèy pou Ekonomize Enèji
Konsèy ak astis pou ede ou ekonomize enèji.

ngrid.com/masavingstips

Pwogram Efikasite Enèji
Aprann kijan pou fè kay ou a pi efikas nan itilizasyon enèji epi ekonomize!

ngrid.com/saveenergy

Tarif
Gade tarif aktyèl yo.

nationalgridus.com/MA-Home/bills-meters-and-rates/

Opsyon pou founisè enèji
Konprann opsyon founisè enèji ou yo.

nationalgridus.com/MA-Kay/Chwa-Enèji/Chwazi-Founisè-Ou

170 Data Drive
Waltham, MA 02451

nationalgrid

CM9687 MA (26/10)